



# Mizajou sou Reouvèti Lekòl yo

Brenda Cassellius, Sipèentandan  
13 janvyè, 2021

# Delè revize pou elèv yo retounen aprann an pèsòn\*

**Semèn 1ye Fevriye**

**Elèv ki genyen yon wo priyorite pou  
aprantisaj an pèsòn**

**Semèn 1ye Mas**

**Klas Jadendanfan K0 jiska 3yèm ane**

**Semèn 15 Mas**

**Klas 4yèm jiska 8yèm ane**

**Semèn 29 Mas**

**Klas 9yèm jiska 12yèm ane**

\*Si nesesè, nou ka ranwaye chak nan faz sa yo pou 1 jiska 2 semèn,  
selon anviwònman sante piblik la.

# Sipò pou Elèv - Angajman ak Prezans

5.254 elèv ki gen yon mwayèn prezans kotidyen (ADA) ki mwens ke 70 pousan, apati desanm 2020

- 154 elèv : ADA yo (mwayèn prezans kotidyen yo) 25 pousan oswa mwens
- 5.100 elèv : ADA yo (mwayèn prezans kotidyen yo) ant 26 e 70 pousan

**Gwoup 1 : 154 elèv ki genyen yon mwayèn prezans 25 pousan oswa mwens**

38 elèv klas matènèl K0 jiska K2

- **10 elèv** - reangaje e ki retounen lekòl
- **13 elèv** - te mande pou yo abandone; y ap frekante yon lekòl charter oswa lekòl yo te fè pati ladan l oparavan an
- **11 elèv** - ke n ap eseye kontakte (nou kite plizyè mesaj nan telefòn)
- **4 elèv** - n ap eseye jwenn enfòmasyon kontak korèk pou yo

48 elèv klas 1ye jiska 12yèm ane

- **17 elèv** - reangaje e ki retounen lekòl (6 nan yo te resevwa yon aparèy BPS)
- **10 students** - ki te mande pou yo abandone; k ap frekante yon lekòl andeyò BPS
- **13 elèv** - nou te eseye kontakte yo plizyè fwa (nou te kite plizyè mesaj/pase lakay yo)
- **8 elèv** - n ap eseye jwenn enfòmasyon kontak korèk pou yo)

68 elèv Klas 9yèm jiska 12yèm ane - ale nan yon lekòl Horace Mann ki itilize yon sistèm enfòmasyon diferan

# Sipò pou Elèv - Angajman ak Prezans

Gwoup 2 : 5.100 elèv ki genyen yon mwayèn prezans kotidyen (ADA) ant 26 e 70 pousan

- **Manm Pèsonèl Angajman Fanmi yo :**
  - 77 nan 117 lekòl yo genyen manm pèsonèl pou Angajman Fanmi
  - 40 nan 117 lekòl yo pa genyen manm pèsonèl deziyen pou Angajman Fanmi
- **Sipò :**
  - Ekip Avansman Fanmi a ap travay ansanm avèk 77 lekòl yo
  - Ekip Kontrandi a ak Sipèetandan lekòl yo ap travay avèk 40 lekòl yo
  - Sansibilizasyon sible k ap fèt an favè elèv ak fanmi sa yo ap kòmanse 11 janvye, 2021
- **Panorama (Vizyon Jeneral) :**
  - Yon sistèm inifye pou kreye e suiv Plan Reyisit Elèv yo nan yon fason kolaborativ
  - Òganizasyon yo grandi rive sou nivo sistèm yo
  - Devlopman pwofesyonèl, kolaborasyon ant plizyè pati, gidans, ak rekonesans

# Sipò pou Elèv yo - Elèv ki pa Resevwa Kredi

## Elèv ki "Pa Resevwa Kredi" kòm nòt pou 1ye Peryòd Nòt yo

- Ane Skolè 2019-2020 : **2.430** elèv te gen plis pase 1 nòt "Pa resevwa kredi"
- Ane Skolè 2020-2021 : **975** elèv genyen plis pase 1 nòt "Pa resevwa kredi"

## Kalkil nòt "Pa Resevwa Kredi" yo pou 1ye Peryòd nòt la

- Ane Skolè 2019-2020 : Te gen **5.429** nòt "pa resevwa kredi" ke n te bay pou 1ye peryòd nòt la
  - **3.704** (x pousan) Konvèti an nòt lèt alfabè
  - **2.430** (x pousan) pa konvèti
- Ane Skolè 2020-2021 : Te gen **2.300** nòt "pa resevwa kredi" ke n te bay pou 1ye peryòd nòt la

## Plan pou n Abòde Pwoblèm Zewo Kredi a :

- Sistèm Enfòmasyon Elèv Aspen nan kreye yon lèt pou l voye bay fanmi yo
- Sipèntandan Lekòl yo ap travay avèk Direktè Lekòl yo pou konvèti "Zewo Kredi yo" an nòt lèt alfabè, jan sa ta nesèsè
- Ekip lekòl yo ap itilize « Panorama » pou yo kreye e suiv Plan Reyisit Elèv yo
- Manm pèsònèl biwo santral la ap travay avèk dirijan lekòl yo pou fòmile yon regleman revize pou konsiderasyon Komite Skolè a

Ane Skolè 2020-2021	Gwoup HIPP	Distri
Elèv ki san Lojman	10%	8%
Elèv ki Genyen Andikap	22,5%	21 %
Elèv k ap Aprann Angle	28%	32%

Gwoup Ane Skolè 20-21	% san kredi	% nan BPS
Azyatik	2,8%.	9%
Nwa	56,7%	33%
"Latinx"	15,8%	42,5%
Blan	15,5%	14%


# Aksè Elèv yo nan Teknoloji

## Òdinatè "Chromebook"

- **79 pousan** nan elèv yo itilize yon aparèy ke Lekòl Piblik Boston (BPS) te ba yo pou yo genyen aksè a ansèyman yo
- **19 pousan** ap itilize yon aparèy pèsonèl
- Tout elèv kapab chwazi pou l resevwa yon aparèy BPS si l bezwen youn
- Pami elèv nou yo k ap pede absan, 80 pousan ladan yo genyen yon aparèy BPS


## Entènèt Kay

- Nou te distribiye **plis pase 5.000 lokal entènèt san fil ak 2.000 bon (koupon) Comcast**
- Itilizasyon bon (koupon) Comcast yo pi ba ke sa n te atann (anviwon 20 pousan)
- **97 jiska 99 pousan** nan koneksyon yo fèt atravè entènèt wo vitès
- Vitès mwayèn entènèt la se **79/28 mbps (megabit pa segond)**



## Broadband Voucher Distribution


Distribution of Comcast Internet vouchers by race/ethnicity



# Tès COVID pou Elèv ak Manm Pèsònèl

Lekòl Piblik Boston ap fè tès siveyans pou manm pèsònèl lekòl k ap travay an pèsòn yo e k ap inisyè tès elèv yo nan lekòl k ap sèvi elèv klas 9yèm jiska 12yèm ane yo.

Lekòl Piblik Boston arive ogmante aksè tès yo anpil, sot nan 1 lokal tès an oktòb pou rive jiska 4 lokal tès an novanm, e kounye a li genyen 19 lokal toupatou nan vil la.



Tès pou Manm Pèsònèl klas K jiska 8yèm ane	Tès pou Elèv ak Manm Pèsònèl klas 9yèm jiska 12yèm ane
<ul style="list-style-type: none"> <li>● <b>4 lokal lekòl pou tès</b> pou manm pèsònèl 32 lekòl klas K jiska 8yèm ane ki ouvri pou aprantisaj an pèsòn</li> <li>● <b>300</b> tès disponib chak semèn</li> <li>● Tès ki fèt chak semèn :             <ul style="list-style-type: none"> <li>○ 156 pandan semèn 12/14 la</li> <li>○ 217 pandan semèn 12/22 a</li> <li>○ 192 pandan semèn 1/4 la</li> </ul> </li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● <b>15 lokal pilòt (ki fenk kòmanse)</b> nan lekòl sila yo k ap sèvi klas 9yèm jiska 12yèm ane</li> <li>● Tès pou tout manm pèsònèl k ap travay an pèsòn nan lokal pilòt yo (ki fenk kòmanse yo)</li> <li>● <b>Tès gwoupe pou elèv</b> klas 9yèm jiska 12yèm ane fanmi yo siyen pou bay pèmisyon pou sa</li> <li>● <b>Plis pase 800</b> tès te fèt pou manm pèsònèl</li> <li>● <b>Plis pase 40</b> tès te fèt pou elèv</li> </ul>


# Rapòtaj sou Ka COVID-19 yo

Lekòl Piblik Boston detèmine pou l rapòte yon mizajou bay piblik la chak semèn sou ka COVID-19 pozitif ki konfime nan lekòl nou yo. Enfòmasyon sa a rapòte kantite ka pozitif konfime antou pou elèv ak manm pèsònèl ki frekante lekòl nou yo pou ansèyman ak aprantisaj an pèsòn.

**Ka Pozitif yo Jiskamètnan**

**109**

**15 elèv ak 94 manm pèsònèl**



[Lyen pou Rapòtaj Lekòl Piblik Boston yo \(BPS\)](#)



# Amelyorasyon Enstalasyon yo

## 2yèm Faz Reparasyon Fenèt yo :

- 12.045 ladan yo te enspekte, netwaye, e grese
- 7.213 te idantifye kòm fenèt ki bezwen repare
- 6.022 fin repare aktyèlman

Stage 2 Window Repair



## RFP Anrejistreman Done sou Kalite Lè Enteryè (IAQ) :

December January Remaining

- Pwosesis RFP a (Demann pou Pwopozisyon) te fèmen jou 13 janvyè 2021

## Livrezon Pirifikatè Lè yo :

- Nou te livre tout 5.000 pirifikatè DESE yo bay tout lekòl yo.
- Nou te kòmande yon lòt 2.500 pirifikatè pou n itilize nan lòt espas ki pa espas ansèyman.

## Tès pou Kalite Lè Andedan Bilding yo (IAQ) :

- Jou 8 janvyè 2021, Tès Kalite Lè Andedan te fèt nan 32 bilding sila yo ki ouvè

## Renovasyon Chanm Twalèt pou Premye Ane a :

- An gran pati, premye tou pou sis lekòl fin fèt (sa te koute 980.000 dola)
- Genyen sis lekòl k ap chèche jwenn renovasyon pou prentan an (sa ap koute 1,8 milyon dola)
- Genyen dizuit lekòl ki nan faz final Premye Ane a ete sa a (3 milyon \$)

# Tan pou Aprantisaj Elèv yo

- Jou 15 desanm, Administrasyon Edikasyon Elemantè e Segondè a te adopte kèk amandman anplis pou regleman Tan Aprantisaj Elèv yo (SLT) selon ijans ki prezante yo.
- Apati 19 janvye, 2021, pandan yon peryòd tan 10 jou :
  - Distri ak lekòl k ap travay selon yon **modèl aprantisaj Ibrid (melanje)** dwe founi omwen 35 èd tan "ansèyman an dirèk"
  - Distri ak lekòl k ap travay selon yon **modèl aprantisaj aleka (a distans)** dwe founi omwen 40 èd tan « ansèyman an dirèk ».
  - Distri ak lekòl k ap travay selon yon modèl aprantisaj aleka ka pa genyen okenn jou ki konplètman asenkwòn (kote tout bagay fèt a menm lè) ; e
  - Elèv yo dwe genyen omwen yon **verifikasyon "an dirèk" egziye** chak jou avèk edikatè yo.

Nivo Klas	Kantite Èd Tan Pandan yon Peryòd 2 Semèn
Klas 1ye ane	38
Klas 4yèm ane	39
Klas 7yèm ane	42
Klas 10yèm ane	47
Mwayèn nan	42

[Lyèn pou tablodò eta a](#)

*\*Ansèyman an dirèk vle di yon konbinezon ansèyman an pèsòn ak ansèyman aleka asenkwòn (pa an menm tan avèk lòt elèv).*

# Kominikasyon Distri a

## Kontinyèl :

- **Mizajou yo sou reouvèti a** sou sit entènèt : [www.bostonpublicschools.org/reopening](http://www.bostonpublicschools.org/reopening)
- **Bilten nouèl chak semèn** pou fanmi yo [afiche sou entènèt pou tradiksyon](#)
- **Mizajou** [Sipèentandan an](#)
- **Mesaj Tèks** : Nou te voye 23 mesaj tèks bay fanmi yo konsènan kèk sijè, pami yo : aksè a manje, sondaj sou aprantisaj aleka, orè lekòl yo, reyinyon kominotè yo depi desanm
- **Tradisyon Dokiman yo** : Depi mwa novanm nou tradui 25 dokiman pou reyinyon Komite Skolè yo
- **Entèpretasyon** : Nou genyen entèpretasyon similtane (an menm tan) nan kat lang pandan reyinyon Komite Skolè yo, ansanm ak entèpretasyon nan Lang Siy Ameriken (ASL) depi mwan novanm

## Pwochè Etap Yo pou Amelyorasyon Kontinyèl :

- Klarifye lang prefere ki pale lakay elèv yo
- Mete enfòmasyon kontak fanmi yo ajou
- Voye mesaj atravè kèk lòt sous fyab
- Pèmèt aksè a resous miltimedya (plizyè tip medya)